


## ТУГЪД – ДУЙНЕЙ ФУДТÆН СÆ ФУДДÆР, АДÆМТИ ФАРНÆБÆЛ АРТ ÆФТАУÆГ!..

***Номдзуд индийаг политик æма паддзахадон архайæг Джавахарлал Неру (1889-1964) уотæ загъта: «Тугъд æй æцæгдзийнадæ æма адæмуарзондзийнадæбæл идæун. Айдагъ уомæ гæсгæ нæ, æма си адæм ке фæммард унцæ – уа нæ уа, адæймаг уæддæр рамæлдзæнæй. Фал уой фудæй зонгæ-зонгæй æма гъæддухæй фудзæрдæдзийнадæ æма мæнгæдзийнадæ парахатгонд ке цæунцæ æма сæ адæми зундирахастбæл ке æфтаунцæ, æ бæлахи бæлах е æй...»***

75 ПОБЕДА! 1945–2020




Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№32 (771) 2020 анзи 21 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман


### ЗОНУЙНАГ



## УÆХЕ УÆХУÆДТÆ ГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!

Санитарон-эпидемиологон уавæртæ нерæнгæ дæр ма тæссаг æнцæ, уомæ гæсгæ нæ республики Сæргълæууæг бафинста нæуæг Указ. Уоми куд амунд æй, утемæй 25 октябри уæнгæ идарддæргонд цæуй хестæр кари адæймæгути хееуварскæнуйнади фæткæ.

Куд зонæн, утемæй коронавируси пандемий рæстæг ци карантинон мадзæлттæ æнхæстгонд цудæнцæ, уонæн нур сæ фулдæр райййивтонцæ. Фал уæддæр сæрмагонд цæстдарди аккаг æнцæ, 65 анземæй уæлæмæ кæбæл цæуй, еци адæм. Уонæн нуртæккæ дæр ма амунд цæуй, цæмæй незæй сæхе ахедгæдæр хузи гъæуай кæнонцæ, уой туххæй æнхæст кæнонцæ фæткæвæрд.

Уой хæццæ, республики Сæргълæууæги Укази куд загъд ес, утемæй адæми уæлдæр амунд категорий минæвæртти сæ косæн бунæттæмæ ракæнæн ес, æ архайд организаций кустбæл уæлдай ахедгæ ку уа, уæд.



Иристони разагъди лæгтæй еу, зундгонд публицист æма финсæг ЦГЪОЙТИ Федори фурт Хазбийбæл æрæги (10 октябри) исæнхæст æй цуппаринсæй анзи. Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 4-7 фæрстæбæл.

### АХСГИАГ ФАРСТА



## «МАМИСОН» ÆНÆМÆНГÆ УОДЗÆНÆЙ!..

– Цуппар анзей дæргъи лæмбунæг архайæн аци ахсгиаг проектбæл. Нифс мæмæ ес, «Мамисон» исаразун нур нæ къохи ке бафтуйдзæнæй, уомæй. Гъуддагбæл зæрдиагæй бакустонцæ раздæри Цæгат Кавкази гъуддæгути фæдбæл министради специалисттæ. Нур еци гъуддагмæ сæ цæстæ дардзæнæнцæ Уæрæсей Федераций Экономикон ирæзти министради бæрнон косгутæ. Проектмæ се ’ргом раздахтонцæ æндæр федералон ведомствитæ дæр. Гъуддагон агъаз нин кæнуй компани «Цæгат Кавкази курорттæ» дæр **Хасан Тимижеви** разамундæй. Мæ зæрдæ дарун, аци проектбæл кусти нæ архайд никки æнгомдæр ке уодзæнæй, уобæл.

Уотæ федарæй загъта æ гъуди нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**, æрæги ци урух æмбурд исаразта, уоми. Дзубанди ба си цудæй туристон-рекреацион комплекс «Мамисон»-и инфраструктурон объектти арæзтадæ райдайунбæл. Æмбурди архайдтонцæ акционерон æхсæнадæ Кавкази курорттæ»-йи генералон директор Хасан Тимижев, æ хуæдæййевæг **Андрей Казак**, Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар **Тускъати Таймораз**, вице-премьертæ **Фадзайти Æхсарбег** æма **Кæсæбити Игорь**, «Мамисон»-и сæйраг инвестор **Гуриати Владимир** æма ведомствити разамонгутæ.

2

## ÆДАСДЗИЙНАДИ ДОМÆНТÆ ÆНÆМÆНГÆ ÆНХÆСТГÆНГÆ ’НЦÆ!..




Коронавируси пандеми нурма æ хъаури ке æй æма исæвзургæ эпидемиологон уавæр зæрдæзæгъæ ке нæй, уомæ гæсгæ идарддæр дæр, æнæмæнгæ, æнхæстгæнгæ æнцæ санитарон æдасдзийнадæ æма социалон хегъæуайкæнуни сæрмагонд мадзæлттæ.

Уой хæццæ, сæйрагдæр ба, æхсæнадон транспорти цæугæй, еудадзугдæр пайда кæнун гъæуй маскитæй æма æндæр хегъæуайкæнæн мадзæлттæй. Нæ республики мухур æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет адæми зæрдæбæл лæууун кæнуй: æхсæнадон транспорти лæггæдтæй пайда кæнгæй, санитарон-эпидемиологон æдасдзийнади мадзæлттæ æнхæстгонд ку нæ цæуонцæ, уæд администрацивон æфхуæрд æййафунцæ, куд траспорти хецæуттæ, уотæ бæлццæнттæ дæр.

Уотæ, æхсæнадон транспорти хецæутти Уæрæсей Федераций администрацивон æгъдауихæлдтити тухххæй кодекси 6.3-аг статьяй 2-аг хаййи бундорбæл бафхуæрæн ес 500 мин сомей уæнгæ иварæй, кенæ ин æ куст 90 боней уæнгæ бауорамунæн.

Бæлццæнти ба еци кодекси 20.6.1-аг статьяй 1-аг хаййи бундорбæл бафхуæрæн ес 1 мин сомемæй 30 мин сомей уæнгæ иварæй.

***Нузали рагон уæлмæрдти цæунцæ археологон ракъæхтитæ æма гъæуи зæппадзæ-аргъауæни реставраци. Уой фæдбæл æхсæнади исæвзурдæй аллихузон гъудитæ. Æма æрæги Абайти Васой номбæл гуманитарон æма социалон æртасæнти институти æмбурди рахастонцæ унаффæ, цæмæй фарста исбæлвурд кæна сæрмагондæй арæзт къамис.***






# «МАМИСОН» ÆНÆМÆНГÆ УОДЗÆНÆЙ!..

Битарти Вячеслав æ радзубандий райдайæни сæрмагондæй ракодта акционерон æхсæнадæ «Цæгат Кавкази курорттæ»-йи разамундæн, хуæнхон-рекреацион комплекс «Мамисон»-и арæзтадæмæ еугурвæрсуг æргом ке раздахта, уой фæдбæл.

– Мæ зæрдæ дарун, аци проектбæл кусти нæ архайд никки æнгомдæр ке уодзæнæй, убæл, – уæхæн адтæй æ гъуди нæ республики Сæргълæуууæгæн.

Æма æцæгæйдæр утæ ке уодзæнæй, е бæрæг адтæй Хасан Тимижеви радзубандийæй дæр. Е куд загъта, утемæй куститæ райдайдзæнæнцæ хæстæгдæр бæнтти.

– Зонун æй, республики разамунд «Мамисон»-и поект царди рауадзунбæл куд æнovудæй архайуй, уой, – загъта Хасан Тимижев. Нур райдайдзæнæй комкоммæ куст проекти угæвæрдтæбæл. Сæрмагондæй мæ зæгъун фæндуй, Уæрæсей Федераций Хецауадæ æма Экономикон ирæзти министради 'рдигæй дæр проектмæ лæмбунæг цæстдард ке уодзæнæй, е. Уой хæццæ, 2023 анзи æмгъудмæ федералон бюджети проектти рагацау нисангонд æрцæудзæнæнцæ «Мамисон»-и арæзтади хæрзтæ. Æма утемæй – еумæйаг хъауритæй æмархайди фæрци исирæздзæнæй курорт «Мамисон».

Æмбурди архайгутæ лæмбунæг æркастæнцæ исуйнаг курорти объекттæн зæнхи хæйттæ радех кæнун æма инфраструктурон объектти есбонадон статус исбæрæг кæнунмæ. Сæрмагонд æргом æздæхт æрцудæй, Мамисони коми ци историон-архитектурон циртдзæвæнтæ æма æндæр уæхæн объекттæ ес, уони багъæуай кæнуни фарстамæ. Уомæй уæлдай фембæлди архайгутæ æрдзурдтонцæ федæни курортмæ нæдтæ æма æндæр уæхæн инфраструктурон объекттæ аразунбæл дæр.

Еци фарстатæбæл æрдзурдтонцæ нæ республики культури удварни хæзнатæ гъæуай кæнуни республикон Комитети сæрдари хуæдæййевæг Чехойти Людмилæ, Цæгат Иристони фæндагон Комитети сæрдар Солити Тариэл æма, аци гъуддаги архайунæй ихæсгин ка 'й, еци æндæр министрадтæ æма ведомствити бæрнон косгутæ.

Æмбурдæн хатдзæгтæ кæнгæй, Битарти Вячеслав куд фегъосун кодта, утемæй Хецауади Сæрдар Тускъати Тайморази разамундæй ци сæрмагонд къуар арæзт æрцæудзæнæй, уой бæрни уодзæнæнцæ акционерон æхсæнадæ «Цæгат Кавкази курорттæ»-йи хæццæ æмгустади фарстатæ.

## АХСГИАГ ÆЙ КУЛЬТУРИ УОДВАРНИ ХÆЗНАТÆ БАГЪÆУАЙ КÆНУН

**Мæнæ уин ци æмбурди кой ракодтан, уой хуæдразмæ ба адтæй, нæ республики Хецауади Сæрдар ТУСКЪАТИ Таймораз си сæрдареуæг кодта, утемæй туристон-рекреацион комплекс «Мамисон»-и райрæзти фарстати фæдбæл косæг къуари æмбурд.**

Аци хатт фембæлди архайгутæ сæйрагдæр æргом раздахтонцæ, федæни курорти бунатмæ хæстæг ци историон циртдзæвæнтæ æма культури удварни æндæр хæзнатæ ес, уони багъæуай кæнуни гъуддагмæ.

Фембæлди райдайæни Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар куд фæббæрæг кодта, утемæй, «Мамисон»-и комплекси арæзтадæмæ бавналгæй, уæлдай ахсгиаг е æй, цæмæй, коми ци берæ историон-архитектурон циртдзæвæнтæ ес, етæ гъæугæ уагæбæл гъæуайгонд æрцæуонцæ. Аци фарстатæмæ е 'ргом раздахта Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг Юрий Трутнев дæр, æрæги республикæ косæг балций ку адтæй, уæд. Мамисони ком бабæрæг кæнуни фæсте федералон чиновник профилон ведомствитæн баихæс кодта еугур гъæугæ мадзæлттæ дæр исаразун, цæмæй, туристи цæстæй ракæсгæй, еугур цæмæдессаг объекттæ дæр гъигæдард ма баййафонцæ.



Тускъати Таймораз куд загъта, утемæй еци гъуддаг республикæн æхецæн дæр зæрдæбæлдаруйнаг æй, уомæн æма етæ нæ адæми историй хæзнатæ 'нцæ. Еци æууæл лæдæргæй, æ дзубандимæ гæсгæ, сæрмагонд куст цæуй, цæмæй еци историон æма архитектурон циртдзæвæнтæ гъæуайгонд цæуонцæ, цæмæй син лæвæрд æрцæуа сæрмагонд нисанеуæги уагæвæрд.

– Федæни курорт косун ку райдайа, уæд еци объекттæ, æнæмæнгæ, цæмæдессаг уодзæнæнцæ туристтæн. Мамисони коми алæмæти æрдзæ æма æ историон-архитектурон объекттæн уæлдай ахедундзийнадæ уодзæнæй, уæрæсейаг кенæ фæсарæйнаг туристтæ сæ фæллад уадзуни бунæттæ ку æвзаронцæ, уæд. Аци къæпхæнбæл ба нæ сæйрагдæр ихæс æй еугур еци объекттæ бæнивæбæл кæнун æма æ хæццæ базонгæ унæн туристтæн фадуæттæ исаразун, – загъта Хецауади Сæрдар.

Аци фарстай фæдбæл сæ гъудитæ загътонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Культури удварни хæзнатæ гъæуайкæнуйнади комитети специалисттæ æма косæг къуари иннæ иуонгтæ. Дзубандийæн хатдзæгтæ кæнгæй, республики Хецауади Сæрдар профилон ведомствити разамонгутæн баихæс кодта исаразун гъæугæ мадзæлттæ, цæмæй Мамисони коми историон-архитектурон циртдзæвæнтæ хаст æрцæуонцæ национ проект «Культурæ»-мæ. Æ дзубандимæ гæсгæ аци национ проекти еу хай æй Цæгат Кавкази федералон зилди хуæнхон архитектури объекттæ багъæуай кæнуни фарстай хæццæ. Еци дæлпрограмми фæрци фулдæр фадуæттæ уодзæнæй еци объекттæмæ базелунæн, уæдта сæ хуарз уавæри дарунæн.

Косæг къуари иуонгтæ идарддæр се 'ргом раздахтонцæ «Мамисон»-и инженерон инфраструктури объектти арæзтадæмæ дæр. Аци æмбурди бал æрдзурдтонцæ федæни курортмæ газуадзæни арæзтадæбæл. Аци фарстатæбæл республики профилон ведомствитæ бакосдзæнæнцæ акционерон æхсæнадæ «Газпром»-и минæвæрттимæ хæццæ. Нуриуæнгæ еци компаний бæрнон косгути æргом еци фарстамæ раздахтонцæ.

*Æрмæг цæттæгонд æрцудæй нæ республики Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæи игъосункæнуйнагмæ гæсгæ.*

## СЕМЬИ С НИЗКИМИ ДОХОДАМИ ПРЕДЛОЖИЛИ ОСВОБОДИТЬ ОТ ОПЛАТЫ ЖКУ

**Марина ТРУБИЛИНА**

**Освободить от оплаты жилищно-коммунальных услуг семьи с доходами не выше прожиточного минимума предлагает Общероссийский народный фронт. Такое предложение ОНФ направил премьер-министру Михаилу Мишустину.**

Система предоставления субсидий на оплату жилья и коммунальных услуг, которая действует с 1994 года, нуждается в совершенствовании, считают в ОНФ. Сейчас предельно допустимая доля расходов на оплату ЖКУ различается – в каких-то регионах это 22% от дохода семьи, в других меньше, в Москве и Санкт-Петербурге – 10%. Это создает неравенство социальных гарантий в разных регионах.

В ФАС рассказали, насколько могут вырасти услуги ЖКХ в 2021-2023 годах

Предлагавшееся ранее Минстроем снижение общероссийского порога оплаты ЖКУ с 22% до 15% не было поддержано Минфином, отмечает эксперт тематической площадки ОНФ "Жилье и городская среда" Павел Склянчук. При этом президент летом нынешнего года дал поручение правительству до 1 ноября представить предложения о выравнивании условий получения субсидий на оплату ЖКУ на территории России.

ОНФ предлагает предоставлять субсидии в размере 100% оплаты ЖКУ домохозяйствам, имеющим доходы ниже или равные уровню прожиточного минимума.

"Систему предоставления гражданам субсидий необходимо сделать более гибкой – чем меньше среднемесячный доход, тем выше уровень субсидий. Или установить отдельные категории социально незащищенных граждан. Такая практика есть в ряде регионов страны", – отмечает Склянчук. Например, в Мурманской области одиноко проживающие пенсионеры, инвалиды, семьи, состоящие из инвалидов, тратят на ЖКУ не более 10% ежемесячных доходов. В Оренбургской области установлен порог в 12% для семей участников и инвалидов Великой Отечественной войны. А в ХМАО не платят за ЖКУ семьи, среднедушевой доход которых менее половины прожиточного минимума, установленного в округе.

*Российская газета – Федеральный выпуск №231 от 20.10.2020.*




**Советон Цæдеси Бæгъатæр СергейЯкови фурт Батышеви райгурдæл 19 октябри исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1915-2000). Устур Фидибæстон тугъди размæ цардæй æма куста Киристонгъæуи.**



# РЕСПУБЛИКИ СÆРГЪЛÆУУÆГ КУ НÆ ФÆЙЙАГЪАЗ КÆНА...

***Цæгат Иристони Сæргълæууæг БИТАРТИ Вячеславæн адтæй фембæлд, аллибони царди аллихузи фарстати хæццæ хецауадæмæ æхе ка бахатта, еци адæми къуари хæццæ. Фембæлд арæзт æрцудæй, Уæрæсей Федераций Президентæн Дзæуæгигъæуи ци æхсæнадон уат ес, уоми.***

Еци бон республики разамонæги хæццæ фембæлдмæ ка æрбацудæй, уонæй сæ еу адтæй Бигъулти Иринæ. Силгоймаги дзубандимæ гæсгæ, æ царди уавæртæ æнцæ тухстаг. Æ дууæ сувæллоней хæццæ (еу си æй уæлдай фæккæсуйнаг) цæруй ихуæрст фатери. Сувæллæнтти фидæ сæ хæццæ нæ цæруй, уæдта бийнонтæн агъаз дæр нæ кæнуй. Бийнонти еунæг æфтуйæггаг æй сахъат сувæллони пенси.

Хубиати Замирæ ба æвадуат уавæрти цæруй Заводи поселокки. Уомæй уæлдай ин гъæуй сæрмагонд дзæбæхгæнæн мадзæлттæ исаразун. Фал уомæн дæр æ пенсийæй уæлдай æндæр æфтуйæггаг нæййес.

Плити Жаннæ ба æй хъæболи хъæболи еунæг дарæг. Сувæллони мадæ рамардæй, фидæ ба æй уæззау сæйгæ. Жаннæ æхуæдæг дæр фæккæсуйнаг æй, куд æртиккаг къуари инвалид, уотæ. Силгоймаг куд радзурдта, уотемæй æй гъæуй æхцай агъаз е ’нæнездзийнадæ фæффедардæр кæнунæн æма сувæллони дарунæн.

Аци силгоймæгтæй алке хæццæ дæр лæмбунæг радзубанди кæнгæй, Битарти Вячеслав зæрдæ байвардта, гъæугæ фæрæзнитæ байагоруни фарстамæ лæмбунæг ке æркæсдзæнæй, уомæй.

Еци бон республики Сæргълæууæги хæццæ фембæлдмæ ка æрбацудæй, уонæй еу адтæй Æрæдони цæрæг Ульянæ Гриценко дæр. Е æхе бахатта, цæмæй нæ горæти Пролетарон æма Титови гъæунгти æхсæн арæзт æрцæуа къахвæндаг, Красногори астæуккаг скъолай ба раййевонцæ зингисервæзти нихмæ сигнализаци. Аци фарстатæ æвæстеуатæй ралух кæнун республики разамонæг баихæс кодта Æрæдони райони администрацийæн. Ульянæ æ радзубандий сæрмагондæй куд фæббæрæг кодта, уотемæй республики разамунди еудадзугон цæстдарди фæрци берæ хуарз æйййивддзийнæдтæ цæуй муниципалитети æма уой туххæй загъта Битарти Вячеславæн.

Мæздæги цæрæг Еленæ Тимченко ба куд радзурдта, уотемæй къотæртæ æма æндæр зайæгойтæй исфæлуст кæнун гъæуй, сахари Юбилейон гъæунги ци нæуæг скъола байгон æй, уой алфамбулайтæ. Аци фарста ралух кæнуни фæдбæл Битарти Вячеслав сæрмагонд амунддзийнæдтæ равардта республики Æрдзон фæрæзнити æма экологий министради разамундæн. Уой хæццæ, республики Сæргълæууæг сахари цæргутæмæ фæсседтæй, цæмæй сæхуæдтæ дæр зæрдиагæй архайюонцæ бæлæстæ аразуни мадзали.

Стур Дигори цæрæг Тъурити Рубен ба республики разамонæги æргом раздахта бунæттон хеди уавæрмæ. Æ дзубандимæ гæсгæ, хед хъордард байййафта донивулдтити рæстæг. Гъуддагмæ æркæсун ихæсгонд æрцудæй Ирæфи райони разамундæн. Иннæ лухкæнуйнаг фарста, Одолай гъæуи донуадзæн ке нæййес, е. Битарти Вячеслави дзубандимæ гæсгæ, аци гъуддагбæл дæр гъæугæ ведомствитæ байархайдзæнæнцæ. Уомæй уæлдай, республики Сæргълæууæги дзубандимæ гæсгæ, ахсгиаг æй, цæмæй гъæути фæззинна фулдæр косæн бунæттæ, цæмæй хе минкъий хæдзарæдтæ ирæзонцæ.

– Республикæ æнхæст кæнуй аллихузи программитæ. Уонæй еу – гъæууон цæрæнбунæтти комплексон райрæзти программæ. Уой уæлæнхасæн фадуæттæ дæттуй бюджетон къабази гъæууон косгутæн сæ царди уавæртæ зингæ фæххуæздæр кæнунæн. Нæ зæрдæ дарæн, программи фæрци идарддзæф гъæутæмæ гъæугæ специалисттæ æрветуни фарста къæпхæнгай лухгонд ке æрцæудзæнæй, уобæл, – фæннисан кодта Битарти Вячеслав.

Фембæлди рæстæг каст æрцудæй æндæр фарстатæмæ дæр – алке курдиади туххæй дæр республики Сæргълæууæг равардта бæлвурд амунддзийнæдтæ. «Еу курдиадæ дæр æнæдзуаппæй гъæуама ма байзайа», – бафеппайдта Битарти Вячеслав æма Адæми курдиæдти хæццæ кусти управлений хецауи хуæдæййевæг Дудиати Павелæн баихæс кодта, цæмæй фæстæдæр фегъосун кæна, фарстатæ куд лухгонд цæунцæ, уой туххæй.

***Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ***



# НÆ БАВГЪАУ КОДТА Æ ФÆСТАГ ФОНДЗ СОМИ

Тæрегъæдгæнагæ зæрдиконд адтæй Къостайæн. Еу хатт Нарæй сахармæ Дзанайти Садулли хæццæ рацудæй. Еу минкъий ку рауадæнцæ, уæд сæбæл еу уосæ бузур хъæппæлти æма къуæхтæ дзабурти фембалдæй. Æ рагъи ба – фогити устур уаргъ. Къоста ’й ку фæууидта, уæд æ игъæлдзæгдзийнадæ æрбайсавдæй, æрмæтъæл æй æма исдзурдта:

– Цума кæд фæйййервæздзæнæнцæ нæ хуæнхаг адæм аци гъезæмарæ цардæй?

Уоси ку байййафтонцæ, уæд Къоста бауорæдта бæх, исæвардта ин æ уаргъ, уæдта æ дзиппитæ разгилдта, æма имæ ци фæстаг фондз соми адтæй, уони ин балæвар кодта, дæхецæн, дан, си ести балхæнæ, зæгъгæ.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...

*Еу бонгин лæг исфæндæ кодта æ цъæх хæрæги киунуги кæсунбæл исахур кæнун: «Ахургæнæгæн» хуарз миздæй зæрдæ байвардта, фал уæхæн «æдулидзийнадæмæ» æ гъос неке дардта. Уæд еууæхæни фæззиндтæй уæхæн дæр. Æцæг рагацау байагурдта æ мизд æма загъта ахури æмгъуд – фондз æма инсæй анзи. Исарази æй бонгин.*



*Ахургæнæг ахургæнæн киунугутæ æлхæнунмæ туканмæ ку бацудæй, уæд ин тукангæс уотæ:*

*– Æдули дæ, æви ци? Хæрæг уасунæй уæлдай ку неци зонуй, уæд æй киунуги кæсунбæл куд исахур кæндзæнæ?!*

*– Фондз æма инсæй анземæ кенæ хæрæг мæлдзæнæй, кенæ ба æ хецау, – адтæй ахургæнæги дзуапп.*

Аци таурæхъ бакæсгæй, æ фæсномуг медеси æцæгдзийнадæ ка балæдæра, е куд нæ расагъæс кæндзæнæй, цæйбæрцæбæл ирд æвдесæн æй, нæ абони цардиуаги хабæрттæн. Уæлдайдæр хецаудзийнади еуцæйбæрцæдæр ка æрфусун æй, уонæй кедæрти зундирахастæн. «Гъар», уæлдайдæр ба зингæ пайдайаг бунætти æрбадгæй си алкедæр æ бæрни гъуддæгутæмæ, уæлæ хæрæг киунуги кæсунбæл исахур кæнунмæ ка бавналдта, еци ахургæнæги хузæн налат цæстингасæй кæсун байдайунцæ, гъома, рæстæг цæудзæнæй, æма мæ ихæстæ кенæ нæбал гъæудзæнæнцæ, кенæ ба мæ æндæр зæрдтагондæр кустмæ райййевдзæнæнцæ. Æма гъе уотемæй бонасадæнтæ кæндзæнæй, цилинмæ ’й, æцæгæйдæр, никки уодæнцойнæдæр бунатмæ нæ райййевонцæ. Гъе уомæ гæсгæ ба, кæд æма нæмæ еугур равгитæ дæр ес, цæмæй нæ хуæздæр исонибонмæ нæдтæ хуæрзбæзгæ уонцæ, уæд уæхæн æдзæлгъæдæ «бæрнон косгути» фудæй ба еугур къаппæ-къуппитæ ’й цанæбæрæг фæрræствæндаг уодзинан...



**Клим Шипенко, режиссер – «Роскосмос»-и фæндæ орбитæбæл дуйней фиццаг аййевадон кинонивæ исесуни туххæй: «Мæн, гъайгъай дæр фæндуй фæттæхун, Зæнхæбæл нерæнгæ фæййистон...»**

*Цæмæй æцæг фантастикæ исесай, уой туххæй орбитæмæ тæхун уоййасæбæл нæ гъæуй. Зæнхæбæл дæр иссерæн ес, космоси сæ койдæр кæмæн нæййес, уæхæн дессæгтæ. Зæгъæн, космоси «сау цъæсгитæ» ке хонунцæ, уонæй æнæфæууинд агъазиаудæр «сау цъæсгитæ» ес, зæгъæн, «Роскосмос»– хе медæгæ паддзахадон бюджетæй уордæмæ ци миллиардтæ цæуй, уонæн сæ зингæ-зингæдæр хай фæддунт уй, сæ фæд дæр нæбал рабæрæг уй корпораций «космосон талинги итигъдади...» Æ разамонæг Д. Рогозин (хецаудзийнади итигъдади кæми ба нæма бакуста!..») æхе куд æвудгинæй, æцæгæй, уотæ ’й?..*

**Андрей Каприн, Уæрæсей æнæнездзийнади министради сæйраг æнæштатон онколог: «Рак зундгонд æй недзамантæй ардæмæ. Уомæй рамардæнцæ Уæрæсей уæхæн архайгутæ, куд къниаз Владимир, Уруси киристон динбæл æфтауæг, æма Ярослав Мудрый...»**



*Уруси VI æноси дзæбæхгæнгутæ кæд уæхæн диагнозтæ æвæрунгъон адтæнцæ, уæд си уогæ ба цæйбæрцæбæл бæрзонд адтæй медицини гъомусадæ. Уæдиккон анзфинститæ лæмбунæгдæрæй бакæсун гъæуй, кæдимайди ба си разиннидæ COVID-æй дзæбæх кæнуни рецепт.*



**Василий ШПАК, Уæрæсей промышленности æма базаради Министради радиоэлектронон промышленности департаменти директор – фæсарæйнаг туйтæшпионти туххæй: «Ес байвæрдтитæ. Цалдæр туййи фæууидтан микрофонти хæццæ. Хумæтæги туй. Микрофони хæццæ…»**

*Лæдæрд æй, микрофони хæццæ туйтæ – фæсарæнтæй æрбаласгæ, динамикти хæццæ – фидибæстон....Фал нур министрадти ка бадуй, уотемæй экономикон хæдзарадон æма æндæр паддзахадон сосæгдзийнæдтæ (фулдæр хæттити – сосæггагæйсосæггагдæр!..) фæсарæнтæмæ ка уæйæ кæнуй, уони ба циуавæр туйтæ исхонæн? Кенæ ба циуавæр туйтæ исхонæн ес, знаги цæстæй нæмæ ци паддзахæдтæ кæсунцæ, уонæми, нæ бæрзондибадæг чиновниктæй ке цæуæт ахур кæнунцæ, кенæ цæрунцæ, уони? Кедæрти къохти си æнцæ нæ паддзахадон сосæгдзийнæдтæ, æма уонæй си цидæртæ ецирдигон сæрмагонд службитæ нæ «æрдоцунцæ», е уи æруагæс кæнуй. Гъе уæхæн туйтæ...*

**Зундгонд ирон поэт Тохти Дриси фурт Ивани райгурдбæл 18 октябри исæнхæст æй сæдæ анзи (1920-1983). 1942 анзи имæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ, фал æй фæстæдæр сæхемæ рарвистонцæ нези фудæй. 1943 анзæй фæстæмæ адтæй хуссæни сæйгæ.**

***ЦГЪОЙТИ Хазби цæйбæрцæбæл дессаги искурдиадæгин финсæг æма публицист æй, е нæ дзиллæн хъæбæр бæлвурдæй зундгонд æй. Æ публицистон уацтæ, аййевадон уадзимистæ, историон-этнографион æрмæгутæ, литературон уацтæ æма рецензитæ зундгонд æнцæ Иристони дзиллæнд. Цæгат Иристони финсгути Цæдес устур аргъ кæнуй***






# ЦАРД АЙДÆНИ

## АЛЦИДÆР СИ, ÆЦÆГÆЙ КУД

***Еу рагонкитайаг æмбесонди уотæ загъд ес: «Адæймагæн æ æрдзæ æ культурæбæл ку фæттухгиндæр уа, уæд си рауайдзæнæй гъæддаг. Культурæ адæймаги æрдзæбæл ку фæттухгиндæр уа, уæд си рауайдзæнæй æрдæгахургонд. Адæймагæн æ æрдзæ æма æ культурæ æмдзæрийнæ ку исунцæ, уæдта си рауайуй фæрнгун лæг…» Аци æмбесонд абони уомæ гæсгæ æримистан, æма раст гъеуæхæн фæрнгун адæймагæй нæ Иристони дзиллæн зундгонд æй ЦГЪОЙТИ Федори фурт Хазби дæр. Зундгонд публицист, финсæг, газет «Рæстдзинад»-и косгутæн сæ курухон хестæр, мадта нæ газет «Дигорæн» дæр рагæйдæр е ’мдзæуин æма зæрдхæлар агъазгæнæг. Хазбийбæл æрæги, еума хатт æй зæгъæн, исæнхæст æй цуппаринсæй анзи. Еци æнзтæн сæ бæрци кой нæ кæндзинан. Фал уой зæгъуйнаг ан, æма ин æ еци æнзти бæрзондæй æ царвæндагмæ ку ракæсай, уæд си бæлвурдæй разиндзæнæй, æ курухондзийнадæ, æ уоди кæдзосдзийнадæ, æ уарзон Иристонæн æма æ адæмæн хуарздзийнæдти бацæунмæ æ еудадзуг цæттæдзийнади æнæдузæрдуг æвдесæндартæ.***

*Æзини бон фун фæуунæгау. Ци ма си байзайуй зæрди? Фулдæр маст æма æрхуни тæлмитæ. Зæрди дон ци гъуддаги рацæуа, уæхæн æхцæуæн уодрæвдауæн цау адæймагбæл æстæнмæ æрцæуй, иннæ æхцæуæндзийнæдтæ цума нæ адтæнцæ, уоййау æрбайронх унцæ. Уæлдайдæр ба, айдагъ хуæрдæ æма ниуæзти хæццæ баст ка фæууй, еци хабæрттæ.*

*Æзинæ ци адтæй? «Æзинæ ци бахуардтон, е дæр ми феронх æй»,– ахид фегъосæн. Æзинæ ци æй? Æзинæ адтæй æви нæ? Царди, зæрди, зунди фæд ку нæ ниууадза, уæд аци фарстайæн ка ратдзæнæй дзуапп?*

*Æзини бон нæбал ес, æрбатар æй, некæдбал уодзæнæй, рæстæг æй бахарз кодта. Уæхæн адтæй æ хъисмæт. Фæццардæй æй Дун-дуйне, Дуйне, Зæнхæ, алли уодгоймаг æма зайæгой дæр. Æзинæ кадæр мæлгæ ракодта, кадæр ба – игургæ. Кадæр фæххуæрд æй, кадæр ба молгæ ракодта. Кадæр састи бунати байзадæй, кадæр ба уæлахез фæцæй. Кæмæндæр æ гъуддаг нæ фæррæстмæ ’й, кадæр ба фескъуæлхтæй.*

*Æзини цийнæ абони æзини хузæн нæбал ахедуй, æзини рист æзини хузæн нæбал ресуй, æзини æнтæст абони æзини бæрцæ нæбал æй. Фал æзинæй берæ аразгæ ’й абони...»*

Раст æй баханхæ кодта Хазби – алли адæймагæн дæр æ царди абони хабæрттæ æзини гъуддæгутæй нæ исирæзтæнцæ?!

Цгъойти Хазби райгурдæй 1940 анзи 10 октябри. 1959 анзи æнтæстгинæй каст фæцæй Алагири райони Нæуæггъæуи астæуккаг скъола. Уой фæсте æртæ анзи бакуста Цæликки-фурти номбæл колхози æма завод «Электроцинк»-и хумæтæг косæгæй. 1962 анзи Хазби ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл педагогон институтмæ (нуртæккæ университет) филологон факультетмæ. 1963 анзи имæ фæдздзурдтонцæ Æфсади рæнгъитæмæ æма уоми кадæ æма радæй бафиста æ граждайнаг ихæс. Служби фæсте æ ахур раизолдæр кодта æма ’й æнтæстгинæй каст фæцæй 1970 анзи. Уæд косун райдæдта газет «Рæстдзинад»-и редакций æма си косуй абони уæнгæ. Уой дæр бæрнон бунæтти: литературон косæгæй, бæрнон секретари хуæдæййевæгæй, бæрнон секретарæй, сæйраг редактори хуæдæййевæгæй, абони ба æй шеф-редактор.

Хазбийи аккаг арфи дзурдтæ зин иссерæн æй. Уомæн æрдзæ айдагъ журналисти æма финсæги агъазиау искурдиадæ нæ равардта, фал ма ин балæвар кодта, ирон лæгмæ хуæздæр нæртон менеугутæй ци гъæуама уа, уони: лæгдзийнадæ æма рæстдзийнадæ. Еци агъазиау хуарз менеугутæ рагъæвзарæ сæ ку фæккæнай, уæддæр еу уаци фæзуати нæ бацæудзæнæнцæ… Фал уæддæр, нæ фадуæттæ æма гæнæнтæ куд амонунцæ, уомæ гæсгæ нæ зæгъуйнæгтæ зæгъдзинан.

### ДÆ ДЗУРДÆН КАДÆ УÆД ЕС, ÆМА ИН Æ УÆЗÆ ХÆССУН ДÆХЕ БОН ДÆР КУ УА...

Мæнæ уæлдæр ци æмбесонди кой ракодтон, уой дæр хумæтæги не ’римистон. Цгъой-фурти кадæриддæр зонуй, етæ мæ хæццæ исарази уодзæнæнцæ: æ цард-цæрæнбонти æвæллайгæй кæнуй æ рохситауæн куст, архайуй цæмæй ни алли адæймагæн дæр æ æрдзæ æма æ культурæ æмдзæрийнæ исуонцæ æма нæмæ фæрнгун лæгтæ фулдæр уонцæ. Етæ нæмæ куд фулдæр уонцæ, уотæ царди хабæрттæ дæр хиццагдæр уодзæнæнцæ, фулдæр нин æнтæстдзæнæй нæ царди фæрнугадæ фæбберекетгундæр кæнуни гъуддаги.

Уомæ гæсгæ Хазбийи туххæй, еуемæй, æнцон финсæн æй, иннемæй ба – зиндæр æй. Æнцон уомæн æй, æма ци радзорай, е ес. Зиндæр ба уомæн, æма æгæр берæ ’нцæ – айдагъ сæ бæрцæй нæ, фал сæ агъазиаудзийнадæй дæр, цийфæнди

Дзурди хæццæ ка архайуй æма уой фæрци æ гъудитæ æма æ уоди кæдзос монцтæ адæми размæ ка хæссуй, уой хуарз ку зонай, уæд уомæн æ зæгъдтитæ æма финститæ æнæ рабаргæ нæ фæууодзæнæ, уомæн æхецæн ба æ уодиконд, æхе цардон гъуддæгутæ циуавæр æнцæ, уони хæццæ. Уомæ гæсгæ æз дæр абони райсдзæнæн Хазбийи финститæй еуцалдæр æма сæ исæмтæразæ кæндзæнæн æ карни хабæртти хæццæ.

### ÆЗИНÆЙ БЕРÆ АРАЗГÆ ’Й АБОНИ

Мæ абони радзубандийæн Хазбийи финстити ’хсæн ке равзурстон, уонæй еу æй новеллæ «Æзинæ». Уотæ си финсуй:

*«Цард ес æзини æма исони æхсæн.*



ЦГЪОЙТИ Хазби дзубанди кæнуй æ исфæлдистади фæдбæл арæзт мадзали.















Иристони кæд еске рæсугъд æма рæстудæй аразуй бийнонти фарнæ, уæд уони фиццæгтæй æнцæ ЦГЪОЙТИ Хазби æма æ цардæмбал Луизæ (ХЪОРОТИ Григорийи кизгæ).

# ХУЗÆН ÆЙ – Д ÆЙ, УОТЕМÆЙ ЗИННУЙ

ирд æма бæлвурдæй бæрæг дарунцæ æ берæвæрсуг исфæлдистадæбæл дæр.

Цгъой-фурт æй, нæ маддæлон æвзаги, нæ национ аййевадон литературæ райрæзун кæнуни гъуддагбæл, нæ адæмон гъæздуг исфæлдистадон бунтæ багъæуай кæнунбæл æвæллайгæй ка хъиамæт кæнуй, нæ фарнæ агъазиаудæр дæр уа, зæгъгæ, уодуæлдайæй ка архайуй, еци лæгтæй еу. Газет «Рæстдзинад»-æн арфиаг лæггадæ кæнуй æртинсæй анзей дæргъи. Адæм ин æ публицистикон-зонадон киунугутæ, æ цæмæдессаг æрмæгутæ алкæддæр фæккæсунцæ зæрдиагæй.

Куд зонетæ, уотемæй 1964 анзи нисангонд æрцудæй Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон премi. Æма уæдæй абони уæнгæ еци устур хуæрзеуæги аккаг берæ æцæгæйдæр æскъуæлхт адæймæгутæ исæнцæ – Абайти Васо, Мамсурати Дæбе, Николай Тихонов, Тæбæхсаути Бало, Жорж Дюмезиль æма иннетæ.

Æма еци номдзуд лæгти æмрæнгъæ, куд еци премий лауреат, уотæ абони нимад цæуй, Цгъойти Хазби – уой дæр зæгъун гъæуй æма еци кадгин ном Иристони журналисттæй фиццагидæр уомæн исаккаг кодтонцæ. Аккаг ба ин æй искодтонцæ æ киунугæ «Арви дуар»-и туххæй. Аци киунугæн устур аргъ искодтонцæ нæ литертурæртасгутæ, æвзаги дæснитæ, этнографтæ, историктæ, урух над иссирдта киунугæкæсæг дзиллити зæрдити.

## ДÆ УОДВАРНИ ФАРНÆЙ ДÆТТÆ АДÆМÆН – ФÆУУНÆЙ ИН МА ТÆРСÆ!..

Цгъойти Хазби æхуæдæг æхе царди фæткæ куд аразуй, уомæн æвдесæн æ иннæ новеллæ «Абони».

*«...Цард ес æзинæ æма исони æхсæн. Гъома, цард ес аци бони бони. Аци бон ци цæуй, уой уинис æма лæдæрис. Ду дæ царди архайгутæй еу. Аразæг æви ихалæг? Есæг æви æфтауæг?*

*Аци бон баст æй исони хæццæ. Æзини рæдуд дæ аци бон гъигæ даруй. Æзини æнтæст дæ размæ æсхуайуй. Æзини уарзт дæбæл базуртæ садзуй. Аци бон дæ цард рæвдауй, æви æфхуæруй, уæддæр си цæрис, дæ гъигæн, дæ зинтæн бухсис. Бухсис син исон хуæздæр уодзæнæй æнгъæлдзауæй. Дæ фæндитæ, дæ гъудитæ æнцæ исони хæццæ баст, æма дæ уобæл æууæндун кæнуй, нифсгундæр, цæрæццагдæр дæ кæнуй.*

*Аци бон баст æй исони хæццæ. Аци бон дин ци нæ бантæстæй, уой гъавис исонмæ. Аци бони хæрзтæй æвæрис, фæстауæрцæ кæнис исонмæ. Рахуæрунæй бангъæлмæ кæсун – хуæздæр, æма дæхе æнгъæлмæ кæсун кæнис. Дæхе рæвдауис сæумæй. Уомæ æнгъæлмæ кæсгæй дæбæл аци бон æ зинти хæццæ æнцондæрæй цæуй. Фал аци бон куд æма ци фæццæрай, е – дæхе. Исон ци уодзæнæй, куд уодзæнæй, уой неке зонуй.*

*Аци бон уотæ фæццæрæ, цума дæ фæстаг бон æй: ци косис, уой – лæмбунæг, ци дзорис, уой – зæрдæй, маке тæрегъæди бацо, æнæгъæуаги маке бафхуæрæ, дæ зунд, дæ зæрди гъар дæттæ адæмæн. Фæуунæй син ма тæрсæ!..»*

Цгъойти Хазби ци финсуй æма адæми размæ ци зæгъуйнæгтæ рахæссуй, уонæбæл бæлвурддæрæй нæ дзордзæнæн – аргъгæнæг син адæм уæнтæ, уомæн æма сæ уонæн финсуй, уонæмæ ковуй æ зæрди сагъæстæй. Еунæг уой зæгъуйнаг дæн, æма адæми зæрдæмæ хъæбæр фæццудæнцæ æма устур зæрдиагæй кæсунцæ Хазбийи финст киунугутæ, берæ аллихузон уацтæ. Уони хæццæ æнцæ: «Дæ зæрдæ де 'вдисæн», «Аланы хæлæрттæ», «Цæвæг марæджы не 'взæрста», «Ирон æмбисонды хабæрттæ», «Фыдæлты мæсыг», «Мæ зæгъинæгтæ», «Æгъдау – царды мидис», «Де 'гъдау – нæ гакк», «Дихтæ, дихтæ – æдыхтæ»... Тагъд ба ма сæбæл, æруагæс ни кæнуй, гъæуама бафтуйа нæуæг киунугутæ.

Хазбийи берæвæрсуг исфæлдистадæбæл берæ аллихузон мухурон фæрæзнити финстонцæ Джусойти Нафи, Цибирти Людвиг, Дзасохти Музафер, Тигити Юрий, Тезиати Батрадз, Тъехти Тамерлан æма æндæр дзурддзæугæ финсгутæ æма публицисттæ, ахургæндтæ.

Уотæ мæмæ кæсуй, цума нæ фæррæдуйдзæнæн, Хазбийи финст киунугутæ устур агъаз æнцæ нæ цардиуагæ хуæздæр кæна бæл ка тухсуй, уæлдайдæр ба нæ фæсевæдæн, зæгъгæ, ку зæгъон, уæд. Уомæн æма си ес дессаги гъæздуг æрмæг нæ рагфидтæлти цард æма зæрдиуагæ балæдæрунæн, нæ маддæлон æвзаг, нæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ хуæздæр базонунæн. Æ киунугутæ æма «Рæстдзинад»-и сæрмагондæй ци фарс «Æлутон» цæттæ кæнуй, уони æрмæгутæ автор райсуй, нæ рагфидтæлти царди æцæг хабæрттæ бундоронæй исбæлвурд кæнгæй, æма зæрдæмæ дæр хъæбæрдæр уомæн гъарунцæ. Сæ фæрци нæбæл хуæрзауодæн кæнунцæ нæ фидтæлтæ сæ курухондзийнадæй, сæ цард, сæ намус, сæ дуйне лæдæрундзийнадæй, сæ фарнæ нæмæ ирдæй æма бæлвурдæй хъæртуй.

Рæстзæрдæй æма уодуæлдайæй дзиллæн пайдахæссæг гъуддæгутæ ка араза, уомæй гъæуама боз уæн, аккаг аргъгонд дæр ин гъæуама æнæмæнгæ цæуа.

6



Къари (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): поэт ХОДИ Камал, ЦГЪОЙТИ Хазби, КОЛИТИ-СÆЛБИТИ Иринæ (Дзæуæгигъæуи 13-аг скъолай директор), поэт æма публицист КЪАДЗАТИ Станислав.



Иристони рæсугъддæр рауæнтæбæл æмкосгути хæццæ балций.

***Цгъойти Хазбийи уадзимисти тематикæ аллихузи æй. Е уæлмонц æнкъарæнти хæццæ финсуй силгоймагмæ, нийиерæг мадæмæ, Райгурæн бæстæмæ уарзондзийнадæбæл. Цгъойти Хазбийи публицистон æрмæгутæн сæ фулдæр финст æнцæ нæ культурæ æма цардиуаги зингæ фæззиндтитæбæл, æма адæммæ седуй, цæмæй евгъуд æнзти***



ЦГЪОЙТИ Хазби æма ДАУРАТИ Дамир. Иристони разагъди дууæ лæги – исфæлдистади дæр æнтæстгинæй архайгутæ, æнæуой царди ба кæрæдзебæл еузæрдиуонæй æновуд æрдхуæрдтæ.

# ЦАРД АЙДÆНИ ХУЗÆН ÆЙ –

## АЛЦИДÆР СИ, ÆЦÆГÆЙ КУД ÆЙ, УОТЕМÆЙ ЗИННУЙ

5

Æма Цгъойти Хазбийæн æ берæ арфиаг хъиамæттæн дæр аккаг аргъгонд цæуй, – ку зæгъæн, иссæй Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон премий лауреат, исаккаг ин кодтонцæ Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæги цитгин ном, Уæрæсей Федераций финсгути æма журналистти Цæдести иуонг, Хонсар Иристони æскъуæлхт журналист, Колити Аксой æма Æмбалти Цоцкой номбæл премити лауреат, хуарзæнхæгонд æрцудæй майдан «Иристони намусæн»-æй æма «Уæрæсей мухури 300 анзи» кадæн юбилейон реубæлдаргæ нисанæй.

Еци хуæрзеугутæ еугурæйдæр кæд хъæбæр кадгин æнцæ, уæддæр ин тæккæ цитгиндæр, тæккæ нимади-нимаддæр хуæрзеуæг ба æнцæ æ тумугъ биййонтæ. Хуцау ин уæхæн хуарз ракодта æма 'й фæххайгин кодта биййонти амондæй, иссæй хуарз биййонти хестæр. Æ цардæмбал Луизи (Хъороти Григорийи кизгæ) хæццæ син ес æртæ хъæболи, уони цикорай фæрдуги хузæн цæрæццаг кæстæртæ.

Хазби кæддæриддæр архайуй æ фæрнгун биййонти кади мæсуг фæуууæлдæр кæнунбæл. Хъæбæр бæллуй уомæ, цæмæй æ кæстæрти æма уони цæуæти исонибон уа райдзастæй-райдзастдæр. Гъе уой уин Хазби æма Луизæ, мах Хуцауæй корæн æма уин æй æ цæстæ бауарзæд.

### ИСОНИ ХУАРЗМÆ БÆЛЛÆН, ÆМА НИН ФÆРРÆСТМÆ УÆД!..

Нæ радзубандий кæронбæттæн дæр мæ фæндуй Хазбийи новеллитæй еуемæй райдайун. Хуннуй «Исон», æма си уотæ зæгъуй:

*«Цард æй æзини æма исони æхсæн. Æма уæд исон ба ци 'й. Исонбæл фæлмæ бадуй, исон ци уодзæнæй, уой неке зонуй. Цийфæнди фæндитæ æма тæрхæнттæ кæнæн, уæддæр си исон ци рауайдзæнæй, сæ кæци хай исæнхæст уодзæнæй, æви си æгириддæр неци исæнхæст уодзæнæй, уой неке зонуй. Исони æнтæстдзийнадæ аразгæ 'й аци бонæй, фулдæр ба – исонæй.*

*Исон ди феронх уодзæнæй æзинæй берæ цидæртæ. Мæрдиронх сæбæл бафтаудзæнæй исон. Иронх дин кæнун кæндзæнæй аци бони фæццарди рæстæг. Исон æгъатир æй рæстæгау. Исон аци бони æрлæууун нæ уадзуй, æсхуайуй æй размæ, соруй æй цардæй, цæмæй ин æ бунат байахæсса. Исон кæмæндæр æ мæлæти афонæ 'й, кæмæндæр ба æ райгурæн бон æй. Исон кедæр дæлдæр кæндзæнæй, кедæр ба æ уæлнихти бæрзонд исесдзæнæй. Исон кæмæйдæр гъолау гъаздзæнæй, кедæр ба мадау рæвдаудзæнæй. Кæмæндæр æ ходуйнаги гакк раргом кæндзæнæй, кæбæлдæр ба фарнæ бафтуйдзæнæй.*

*Исонибонмæ фæндитæ æма гъудити уæзи буни цæуæн. Уогæ, исон уодзæнæй, уой ка зонуй, ку уа, уæдта куд уодзæнæй… Фал уæддæр исон æй нæ бæлдæ, не 'скаст, не 'нгъæлдзау.*

*Нæ хуарз хестæр, нæ хъазар æмкосæг, Хазби! Исонибони туххæй ци гъудитæ зæгъис, уонæмæ гæсгæ ба махмæ уотæ кæсуй, æма дæу хузæн рохсзæрдæ æма цæстуарзон адæймагæн æ исонибон дæр гъæуама райдзаст уа, арфиаг гъуддæгутæй никки бæркадгиндæр, уомæн æма си цæмæ æнгъæлмæ кæсис, етæ еугурæйдæр нæ Иристони хуарзæн, нæ адæми фарнæн гъуддæгутæ 'нцæ. Æма дæ бæлдитæ æнæгъæнæй дæр гъæуама æнæмæнгæй исæнхæст уонцæ. Уой хæццæ ба ма дин нæ зæрдæ зæгъуй, берæ æнзти дæргъи ма дæ уарзон адæми хæццæ, дæ дзæбæх биййонти, дæ синхбæсти хæццæ, дæ берæ æмбæлтти хæццæ рæсугъд райгурæн бæнттæ куд фæббæрæг кæнай, æма ма нин берæ зæрдæрайдзастгæнæн уадзимистæ, киунугутæ куд балæвар кæнай, уой дин нæ Дуйнескæнæг Еунæг Кадгин Хуцау исаккаг кæнæд.*

*Хазби, цард ци 'й адæймагæн, уой хъæбæр хуарз ке лæдæрис æма ин уомæ гæсгæ ба аккаг аргъ ке кæнис æма си аккагæй цæрунбæл æвæллайгæй ке архайис, е бæрæг æй дæ финститæ æма дæ зæнхон гъуддæгутæй. Мæнæ дæ новеллитæй еуеми куд зæгъис царди туххæй:*

*Цард, куд адгин дæ æма куд маст дæ! Куд æхцæуæн дæ æма куд карз дæ! Куд хуарз дæ æма куд æнадæ дæ! Ци дæ æргъуди кодта, ка дæ равардта адæймагæн? Уæдта цæмæн? Гъезæмарæн?! Фудтохæнтæн? Карди комбæл цæунæн? Мæлунæн?*

*Цард тох æй! Æдзохдæр ни тохмæ цæттæ ун домуй. Дæхе ма æрлæмæгъ кæнæ. Æнгъæлмæ кæсæ фуддæрмæ! Дæ зæрди фæдбæл ма рацо, ма имæ нийгъосæ, æ коммæ ин ма бакæсæ! Æрдуни хузæн – ивæзт, дæ зинтæй – ервæзт. Æма ма си уæд цæргæ ба кæд кæндзинан?*

*Цард, цæмæн гъæуис, зæгъай? Фудæвзарæнæн, фудмиуæн?! Адæймаги донмæ тæрис æма 'й фæстæмæ æнæ донæй æздахис. Ухстбæл æй бакæнис æма 'й фудтохæнтæмæ фезонæгау дарис. Æруолæфун æй нæ уадзис. Куройни хузæн æй инсис æма инсис, хуæрис ин е 'нæнездзийнадæ, æ тухæ, æ зунд. Æнсæндис ин е 'нкъарæнтæ, æ бæллецтæ. Ниууадзæ нæ уой бæсти.*

*Цард, цæйбæрцæ дæ æма ци дæ! Цæстифæнникъулди хузæн – цубур, зæрди цæфау – ресагæ.*

*Цард, ци хузæн дæ, цæхуæн?! Зæрдæ дæбæл ходуй, зунд дæбæл тæрхон кæнуй. Фал æндæр уагæбæл ку уайсæ, уæд уотæ адгин нæ уайсæ! Дæхемæ нæ не 'лвасисæ. Нæ дæ лæдæрианæ, нæ дæ уарзианæ. Нæ сагъæстæ, нæ бæллецтæ дæбæл нæ бæттианæ. Æнæбазур, æнæтæлмæн уаййанæ. Зундæй дæр, хъаурæй æма фæразонæйдæр цауддæр уаййанæ. Куд адгин дæ, куд! Дæ адæ, дæ уозæлд цæбæл ес баййевæн? Уодтавс, зæрдирай нæ кæнис. Кæнæн цæрæццаг, æма иронх кæнунцæ дæ зинтæ».*

Адгин дин æй, Хазби, цард æма си адгинæй берæ æнзти дæргъи фæццæрæ дæ биййонти, дæ хеуæнтти, æмгæрттæ æма зонгити хæццæ! Е махæн, ка дæ зонуй æма ке рæстзæрдæ цæстиварди дæ, уонæн дæр æхцæуæн уодзæнæй!

***Республикон газет «Дигори» редакций коллективи номæй***
***САКЪИТИ Эльбрус.***

**РЕДАКЦИЙÆЙ.**

*ЦГЪОЙТИ Хазбийи уацтæй кæцидæрти хæццæ, нæ хъазар газеткæсгутæ, сумах дæр зонгæ уодзинайтæ, уомæн æма рæстæгæй-рæстæгмæ мухургонд цудæнцæ газет «Дигори» фæрстæбæл æма сæ, æнгъæл ан, уæ зæрдæбæл бадардтайайтæ. Абони дæр ин мухур кæнæн æ уацтæй еу.*

***ЦГЪОЙТИ Хазби æ киунугутæй еуемæн равардта дессаги медесгун ном – «Фиддæлти мæсуг». Уоми бамбурд кодта нæ адæми берæ аллихузон таурæхътæ, æмбесæндтæ, историон æвдесæндартæ, игъæлдзæг хабæрттæ... Уони 'хсæн ес мæнæ ауæхæн таурæхъ дæр.***

***Цæветтонгæ, еу лæхъуæн исфæндæ кодта балций фæццæун. Æма æ ранæхстæри размæ æ мади бафарста:***

***– Фæндаггагæн мæ хæццæ ци райсон?***

***– Дæ фиди ном, дæ фиди фарнæ, – адтæй мади дзуапп.***

***Æма лæхъуæн дæр æ фиди ном, æ фиди фарни хæццæ рафæндараст æй æ балций. Берæ рауæнтæмæ бафтудæй, æма ибæл алкæми дæр исæмбæлиуонцæ æхцæуæнæй, зæрдиагæй æй исиуазæг кæниуонцæ...***

***Аци таурæхъ уобæл дзорæг æй, æма хестæрти намус æма кæстæрти гъомус æнцæ цардæн æ размæцуди хъаурæ, æма етæ æнгомæй ку исæмдзæрийнæ унцæ, цард дæр уæд ирæзуй æнтæстгинæй.***

***Гъе уобæл æй Цгъойти Хазбийæн æ дзубанди, мæнæ абони ци уац мухур кæнæн, уоми.***

ЦОТЫ цот зæнджы магъз сты, – дзырдтой нæ фыдæлтæ. Уыдон цинæй, уыдон рæвдауынæй не 'фсæдынц сæ дадатæ æмæ нанатæ. Рагæй-æрæгмæ ирон адæмы царды фылдæр иудзинад уыд ныййарджытæ æмæ цоты æхсæн нæ, фæлæ стыр фыдтæ æмæ стыр мадтæн сæ цоты цотимæ. Рæзгæ фæлтæр хъомыл кодтой уыдон цæстдардæй, сæ зонд æмæ фæлтæрддзинадыл. Хи мад æмæ фыдæй фылдæр хатт уыдысты ипæрд. Уымæн æмæ ныййарджыты иуæй æрвылбоны уæззау куыстæй не 'вдæлд сæ цотмæ, иннæмæй хъомылады хистæрты фæлтæрддзинады хъомыс йæхионтæ кодта. Афтæмæй сабитæ фылдæр рæстæг уыдысты семæ, сæ аудындзинады æмæ узæлды хъарммæ сæ рæз хастой. Хистæрты фарн æмæ æгъдæуттæ, ирон адæм цыдæриддæр йæ царды хорзæй бамбырд кодта, уыдон бонæй-бонмæ, куыд рæзтысты, афтæ æнæзынгæ истой сæ дадатæ æмæ нанатæй, иу фæлтæры цардфæлтæрддзинад цыд дыккагмæ нæ, фæлæ æртыккагмæ. Хуымæтæджы ирон ныхасы нæ баззад уый зæронд лæджы фырт у, зæгъгæ. Афтæ фæзæгъынц адæмимæ цæрынмæ, адæмимæ цæрынмæ,æгъдæуттæм, кувынмæ хорз чи фæарæхсы, уымæй. Уый та фылдæр хатт вæййы, йæ дадаимæ чи схъомыл, ахæм лæппу. Фенаг æмæ фехъусаг зонаг у. Æмæ чи цы æгъдау зоны, уый кæны. Гъе, уымæ гæсгæ тæхудиаг уыд æмæ у, йæ нана æмæ дадайы зонд æмæ рæвдыдæй хайджын чи у, уый.

Æхсызгон та куыд нæ вæййы, зæронд лæджы кæнæ усы сабиимæ зæрдæйæзæрдæмæ иронау ныхæстæ кæнгæ куы фенæм, уæд уый. Царды æгъатыр цыд йæ удыкондыл цалхау кæмæн атылд, йæ рис æмæ цин ын чи бавзæрста, уый æмæ æнæфыст гæххæтты сыфау сыгъдæг, æнæхин, æнæлаз, æвæлтæрд саби иумæ ныхас кæнынц. Уæлæнгай æркæсгæйæ, – лыстæг хъуыддæгтыл, арфдæр асгаргæйæ та – ахсджиаг фарстатыл, царды философийыл. Куырыхон зонд æмæ уддзæфау сонт хъуыдытæ иу нучы уадзгæйæ, рæстдзинадыл æхцон быцæу кæнгæйæ, кæд æмæ кæм фæфидар вæййынц, кæрæдзийæн фæндаг кæд радтынц, уый зын зæгъæн у. Уыцы ныхасы кæстæры зондахаст кæны фидардæр, уæндондæр, хистæр та – удыхъæдæй,

*хуæздæр традицити хæццæ сæ бастдзийнадæ ма ихалонцæ, уомæн æма уонæй беретæ абони дæр бафæнзунæн бæззунцæ. Нæ национ култури еци хæзнатæ ахсгиагæй гъæугæ 'нцæ нæ адæми еугур фæлтæрти дæр.*
***ТЕДТОЙТИ Зинæ, Цæгат Иристони паддзахадон университети профессор.***





# ФÆЛТÆРТЫ ФИДАР БАСТДЗИНАД – ЦАРДЫ ТЫХ

зæрдæйæ æрыгондæр, ирддæр, кæны цæрæццагдæр; рæстæг ыл цы фæлм сæвæрдта, уый тайы сабыргай.

Фæлтæрты ахæм бастдзинад æрдзон у. Æмæ йæ цы адæмыхæттытæ фесæфтой, уыдонæн сæ гуырæн уидæгтимæ сæ иудзинад аскъуыд, æмæ сæ национ хуыз сæфы, æгъуыз кæнынц. Уый æвзæрæрдæм ахады адæмы удыхъæдыл, йæ æнкъарæнтыл, искæй рис, æхсæнадон цардмæ йæм гуырын кæны куыдфæндыйы зондахаст, нал æм фæхъары æгъдау, æфсарм, хæстæгдзинад, йæ мидкультурæ дымгæмæдарды хуызæн свæййы. Ацы фарстамæ се 'ргом хуымæтæджы тынг не здахынц зындгонддæр фысджытæ. Уымæн æвдисæн Ч.Айтматовы уацау «Белый пароход» æмæ нæхи Нафийы уацау «Зæронд цуанон». Уыдоны сæйраг архайджытæ сты зæронд дадатæ æмæ æнахъом лæппутæ, цардмæ кæсынц иу цæстæнгасæй, сты æмзонд, сæ адæмы таурæгъон историйыл, æгъдæуттыл, æрдз æмæ адæймаджы удыхъæды сыгъдæгдзинадыл, иудзинадыл – иузæрдион. Æмæ уыцы хорз миниуджыты сæрыл иумæ тохы сæ удæй арт цæгъдынц астæуккаг фæлтæры гуырмыхъ æмæ æнæзонд митæ ма æруадзыныл.

Фæлтæрты æхсæн иудзинадæй фæцудыдтой ирон адæм дæр. Æндзыг æмæ рацарæзты рæстæджы нæ рæзгæ фæлтæр фæиппæрд сты сæ дадатæ æмæ нанатæй – сæ фыдæлты фарнæй. Уый уæлдай тынгдæр зыны, сæ фылдæр хай иронау дзурынмæ æмæ фыссынмæ кæй нæ арæхсы, нæ адæмы монон æмæ удварны культурæ, æгъдæуттæ кæй нæ зоны, уымæй. Сывæллоны йæ мады дзидзийæ куыд баиртасай, уыйау сæ фæхауæццаг кодтой сæ фыдæлты фарнæй, сæ мадæлон æвзагæй. Нæдæр сæхи æвзаг зонынц, нæдæр уырыссаг æвзаг рæстмæ базыдтой. Уыцы аипп сраст кæнынмæ фæстаг азты æргом здæхт æрцыд, фæлæ халынæй аразын зындæр у. Стæй, хъыгагæн, аразгæ дæр фылдæр ныхæстæй кæнæм, мадзæлттæ æмæ фæрæзты номхыгъд та гæххæттыл фыстæй зайынц.

Абоны рæзгæ ирон фæлтæр, кæй зæгъын æй хъæуы, амонддæрындæр сты сæ ныййарджытæй: сæ мадæлон æвзаг ахуыр кæнын райдыдтой сывæллæтты рæвдауæндæтты, скъолаты, сæрмагонд равдыстытæ, бакастытæ сын ис телеуынынад æмæ радиойы, ифтонгонд цæуынц чингуытæ æмæ цæстуынгæ æрмæгæй, æмхиц сæ кæнынц сæ фыдæлты историмæ, æхсæнады сæ мадæлон æвзагыл дзургæйæ сын ничиуал бауайдзæф кæндзæн. Фылдæр æргом сæм аздæхтой карджын адæм. Фæлæ сæ ныййарджытæ кæддæр сæ мадæлон æвзагæй кæй фæиппæрд сты, кæй сын æй смамм кодтой, уый абон ацы фæлтæрæн дæр у къуырцдзæвæн. Уымæн æмæ ныййарджытæ иуæй æвзаг нæ зонынц, иннæмæй йæм уыцы фыдбоны зондахастæй нæма ссæрибар сты, аккаг аргъ ын нæ кæнынц. Æмæ дзы чидæртæ сты ирон æвзагмæ сæ цоты тырныдзинады ныхмæ, иннæтæ та йæ, кæй нæ зонынц, уый аххосæй хæдзары, бинонты æхсæн семæ нæ дзурынц иронау. Æмæ рæзгæ фæлтæры ныхасы хъæд у кæнгæ, чиныджы æвзагæй арæзт – ирон æвзагæн не 'нкъарынц йæ тых, йæ æхцон змæлд æмæ гæнæнтæ. Уым стыр аххос хауы сæ дадатæ æмæ нанатæм. Ахæм уавæрмæ куыдфæндыйы цæстæй кæй кæсынц, сæ тыхтыл кæй нал æууæндынц, сæхи æбæрнон кæй скодтой, фидæны фæлтæрты раз сæ хæс кæй нал хатынц, уый тыхххæй! Сæ цот уыдонмæ нæ, фæлæ уыдон сæ цотмæ хъусæг кæй систы, æвзæрæй æвзæр зæгъынмæ ныфс сæм кæй нал ис, уый тыхххæй!

Раздæрау та рæзгæ фæлтæры хъомылад сæ къухтæм куы райсиккой, фылдæр рæстæг семæ куы æрвитиккой, сæ удты фарн сын сæ зæрдæтæм куы ныуулæфиккой, семæ цъæррæмыхст уырыссаг æвзагыл дзурыны бæсты сæ ирон аив дзырды хæзнадонмæ сæ фæдыл куы акæниккой, Нарты кадджытæ, адæмон бирæвæрсыг сфæлдыстад иумæ куы базмæлын кæниккой, уæд та ирон æвзаг йæ гаччы сбадид. Нæ мадæлон æвзагыл дзурын нын нæ цæстмæ куы дардтой, мæрдырох ыл куы æфтыдтой, уыцы азты хистæрты æмæ кæстæрты æхсæн цы афтид быдыр, лæмæгъ цæг фæзынд, уый дæр уæд кæд тау суадзид, фæфидардæр уаид, æмæ къуырцдзæвæны уæддæр нæ уаид.

Абоны æрыгон ныййарджытæй бирæтæ нæ фехъуыстой се стыр мадæлтæ æмæ фыдæлты зондамынд, аргъæуттæ æмæ таурæгътæ. Уымæн æмæ кæрæдзийæ барæй иппæрд уыдысты. Хистæрты хъомылады фæрæзтыл, сæ цардфæлтæрддзинад æмæ зондыл къахæй ахæцыдыстæм. Кæстæртæ «фæзондджындæр» сты, айк карчы ахуыр кæнын райдыдта, æмæ карк дæр æгомыг кæнын райдыдта. Уый фыдраконд уыд, æмæ йæ фыдæй иу фæлтæр йæ равзæрды гуырæнтæй, ратæдзæнтæй фæиппæрд. Уый æвзæрырдæм тынг фæзынд йæ хъомыладыл. Уыцы фæлтæр æй бирæтæ рæстмæ нæ зонынц ирон æгъдæуттæ, хистæрты æмæ кæстæрты, нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы æхсæн хæрзуагон ахастдзинæдтæ, ирон æфсарм сæм нæ хъары. Уый ахсосæй сты ронбæгъд, æнæчетар, куыдфæндыйы зондахастыл хæст, хиуарзон. Чындз æфсинимæ, сиахс йæ каистимæ нал фидауы, се 'хсæн цы фарн ис, уый сæрты ахизын сæм диссаг нæ кæсы, наркоман, фæрасыг уæвын, ахæстонмæ бахауын, хистæры, сылгоймаджы раз æнæуаг дзыхæй дзурын, сырды митæ

кæнын сæм худинаг нал у. Уымæн æмæ ирон царды æгъдæуттæй фæхицæн сты æмæ дзуапдæттæг никæй цур сты. Нæ сæм фæхæццæ Нарты кадджыты тæвагх. Уыдоны ирдæй æвдыст цæуынц нæ фыдæлты цард бирæ фæзминаг миниуджытæ. Сæууайы кадæджы чындзы лæггады тыххæй кадæггæнæг зæгъы: «Сатанайы чызг Сæууайы мад æмæ фыды (чындзы сæм куы æрцыд, уæд) Ноггæнæн суадоны цынадта, æмæ сног сты». Кæй зæгъын æй хъæуы, ныры чындзытæн Ноггæнæн суадон агургæ æмæ нæ 'ссаргæ у, фæлæ Сатанайы чызгау йе 'фсин æмæ хицауы йæ зæрдæхæлардзинад æмæ лæггадæй чи фæногдæр кæны, ахæмтæ бирæ ис Ирыстоны. Чындзы æгъдæуттæ, хистæртыл йæ аудындзинад, сæ зæрдæтæ де 'взыгъд, де 'рыгондзинадæй хуры тынтау бахъарм кæнын у зæрæдтæн Ноггæнæн суадон.

Уæдæ цы хъомыладон, зондамынды, сыгъдæг удыхъæды фæрæзтæ, дæнцæгтæ æмæ фæсномыг койтæ ис иннæ кадджыты та! Райсæм ма «Нарты æмбырд, кæнæ нарт чи хуыздæрыл куыд дзырдтой». Æрмæст йæ райдайæн дæр у ирон адæймаджы удварны кодекс, нæ фæсивæд царды кæуыл хъуамæ æнцой кæной, фыдæлты ахæм æнусон фæдзæхст-ныстуан. Бакæсæм-ма йæ:

Нарты гуыппырсартæ æмбырдæй бадтысты сæ къæлæтджын бандæнтыл. Тæрхон кодтой уыдон сæ дзыллæйы сæрыл.

– Нарт Нарт уæд уыдысты, арв сæ нæрын уæд нæ уæндыди, æмæ мæлын куы зыдтой сæ дзыллæйы сæрыл, алчи сæ хæцын куы фæрæзта йæхиуыл. Нарт Нарт уæд уыдысты, æмæ нæртон адæймаджы дзыхæй рæстдзинад йеддæмæ куы ницы ирвæзти. Нæ дзыллæ дзыллæ уæд уыдысты, æмæ сæ сæр сæрмæ куы хастой.

Афтæ радзырдта Нарты æмбырдæй иу хистæр.

– Адæм хæлæг уæд кодтой Нартмæ, сæ хорзы кой дардыл уæд хъуысти Нартæн, сæ гуыбыныл хæцын куы фæрæзтой, нозтæй сæхи куы хъахъхъæдтой, ронгæй сæ бæрц куы зыдтой; ацы рæстæджы хуызæн сæ мæрдты къоти куы нæ калдтой нозт æмæ хæрдыл; æнæгъдау фырнозтæй се 'фсарм куы нæ сæфтой, сæ зонд, се 'хсар куы нæ састой.

Афтæ загъта дыккаг хистæр.

– Нæ адæм адæм уæд уыдысты, æмæ нæ кæстæр хистæры куы нымадта, кад ын куы лæвæрдта, кæрæдзимæ куы хъуыстой; сылгоймаджы тыххæй йæ цæсгом куы ничи сафта.

Уый радзырдта æртыккаг хистæр.

Ахæм у адæмон педагогикæ. Æмæ æвæрд ис фæлтæрдты иудзинады. Хистæрæй кæстæрмæ асинтыл хизæг æнусон фидиуæг, зæрдæты рухс, ныфс, хæлардзинады æнкъарæнтæ уадзæг, царды зындзинæдтыл нæ уæлахиз кæнæг.

Хистæры куырыхондзинадæн стыр аргъ уымæн кæнынц ирон адæм. Уымæн фæзæгъынц: хистæр æгъдауæй фидауы, цард та – йæ зонд æмæ кæстæры хъару, æфсармæй. Фæстаг рæстæг фæцудыдтой нæ хистæртæ дæр. Царды ахсджиаг фарстатæй сæхи иуварс ласын байдыдтой, æнцад æмæ æфсæст цард сæ йæ фæдыл сайы. Айрох сæ вæййы, нæ таурæгъон фыдæлтæ нартæн сæ дзыхы ныхасы курдиат кæй уыд, гуыбыныл мард кæй нæ уыдысты, уый. Нæ фæлмæнтæдзураг æмæ рæвдауæг дадатæ æмæ нанатæ, хъæуты уынгты тигътыл бадынмæ, æнæфсон куывдтæ æмæ æртыгай чъиритæй кувынмæ, горæтты паркты æмæ хæдзæртты кæртыты къамтæй æмæ доминойæ хъазынмæ, уæ низтæм хъусынмæ сымах не 'вдæлы. Ирон адæмы фидæны фæлтæрты раз уыл стыр хæс æвæрд ис – уæ цоты цотмæ адæттут нæ фыдæлты фарн. Уе 'ргом сæм аздахут. Уыдон уын уæ низтæ фæсурдзысты, цардамонд уыл бафтаудзысты. Сæхæдæг та фæхайджын уыдзысты уæ зонд æмæ фæлтæрддзинадæй. Сымахæй кæй базоной, цы фехъусой, уый æнустæм базайдзæн сæ зæрдæты, сымахимæ цард сæм кæсдзæн рæсугъд фынау, ныфс сын уыдзыстут æмæ уæ мысдзысты æдзухдæр, уæлдайдæр та – сæ зын сахаты мæнæ афтæ:

*Иудадзыг мæ сагъæстæ – мæ хæстыл*
*Нал мæ сайы хъазынмæ нæ уынг.*
*Царды уæз æрæнцади мæ уæхскыл:*
*Бон – изæрмæ бафæллайын тынг.*

*О, мæ Нана, ракæн-ма мын аргъау,*
*Раздæрау мæ адджын фынтыл бафтау.*
*Кæд мæ зынтæ атæхиккой маргъау,*
*Цард та фестид зарæг æмæ аргъау.*

Уæ бынат уын куы бацахсой, уæдмæ сæхицæн фæзындзæн цоты цот, æмæ уæ фарн ахиздзæн уыдонмæ дæр. Афтæмæй нæ сæфы фæлтæрты иудзинад, нæ мæлы адæймаджы удварн, йæ намыс, æнусты сæрты хизы иу фæлтæрæй иннæмæ. Хъыгагæн, Ирыстоны уыцы хъуыддаг иу рæстæджы кæй фæцудыдта, уый ахсосæй бирæтæ нал арынц сæ ратæдзæнтæ, сæ фыдæлты равзæрды уидæгтæ. Сæ фыдæлты ранымад сын аскъуыйы цыппæрæм, кæнæ фæндзæм фæлтæрыл. Хи зонын алкæй хæс дæр у. Уæд адæймаг иуæй удыхъæдæй хъæздыгдæр вæййы, иннæмæй та йыл йæ хæсы раз фылдæр æфсарм ис, йæ фыдæлты номæй аргъуц кæнгæйæ йæ сæрмæ никуы æрхæсдзæн æгаддзинад.

Фæлтæрты иудзинад æрдзæй лæвæрд у, æрдзы ныхмæ чи цæуы, уый та йæхицæн у фыдбылыз, йæхи сафæг.

Зундгонд финсæг æма драматург Хъайттати Тотурбеги фурт Сергейи райгурдбæл 25 октябри æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1920-2010).

***Паддзахадон Думи депутат Мæхъити Зураби хъæппæресæй ци исфæлдистадон конкурс «Иристон – мæ зæрди!..» арæзт æрцудæй, уоми архайунмæ хунд цæунцæ 1-11-аг къæлæсти ахурдзаутæ. Исфæлдистадон куститæ есунцæ 30 ноябри уæнгæ. Еугур фарстатæ дæр исбæлвурд кæнæн ес уæхæн телефонæй: 8(8672) 53-25-45.***

# ЛÆГДÆР СИ КА РАЗИНДЗÆНÆЙ?..

Нæ республикæй æртæ æма инсæй скъоладзауи архайунцæ Цæгат Кавкази федералон зилди иннæ регионти минæвæртти хæццæ Еугуруæрæсеуон ахурадон конкурс «Большая перемена»-йи æрдæгкæронбæттæни æркасти. Аци мадзал цæуй Дагестани сæйраг сахар Махачкалай 12 октябрæй 21 октябри уæнгæ. Конкурси фиццаг ради архайунцæ 8-9-аг къæлæсти ахурдзаутæ. Дуккаг ради ба – 10-æмкъласонтæ.

Конкурсон еристæ цæунцæ аллихузи тематикон номинацитæмæ гæсгæ: дзиллон информаций фæрæзнитæ, аййевадæ æма исфæлдистадæ, экологи, алфамбулай æрдзæ, æнæнез цардиуагæ, наукæ æма технологитæ, туризм æма уотæ идарддæр.

Аци исфæлдистадон æркасти æрдæгкæронбæттæн еристи архайунцæ æхсæз мин скъоладзауемæй фулдæр. Уонæй федералон кæронбæттæни архайдзæнæнцæ 1200 хуæздæр скъоладзауи, кæцити æхсæнæй ба æвзурст æрцæудзæнæнцæ конкурси 600 уæлахездзауи (се 'мбес уодзæнæнцæ 8-9-æмкъласонтæ, иннæ 'мбес ба – 10-æмкъласонтæ).

Конкурси уагæвæрдмæ гæсгæ «Большая перемена»-йи 8-9-æмкъласонти æхсæн еристи уæлахездзаутæ райсдзæнæнцæ фæйнæ 200 мин соми (еци фæрæзнæ исхарз кæнæн уодзæнæй уæлæнхасæн ахурадæбæл, ахурадон æма спортивон ефтонггæрзтæ балхæнунбæл), 10-æмкъласонти æхсæн уæлахездзаутæ ба райсдзæнæнцæ фæйнæ 1 миллион соми (еци фæрæзнитæй син уодзæнæй сæ идарддæри ахурадæн бафедуни фадуат, кенæ бизнес-стартап райдайунæн).

Сæрмагонд номинаций бæрæггонд æрцæудзæнæнцæ инсæй хуæздæр скъолай æма син сæрмагонд грантти хузи ратдзæнæнцæ фæйнæ дууæ миллион соми.

Еугуруæрæсеуон конкурси кæронбæттæн уодзæнæй 31 октябрæй 5 ноябрмæ сувæллæнтти Æхсæнадæмон центр «Артек»-и.

«Большая перемена»-йæн фадуæттæ исаразтонцæ Уæрæсей Федераций Рохсади, Наукæ æма уæлдæр ахуради министрадтæ, Фæсевæди гъуддæгути фæдбæл агентадæ æма иннæ организацитæ.

***ГÆЛÆУТИ Натальæ***




# «НÆ ЕУДЗИЙНАДÆЙ АН ХЪАУРÆГИН»

Куд иннæ æнзти, уотæ нур дæр бабæй ноябри райдайæни Хуæдбарæ Паддзахæдти Æмхæларади бæститæ цæудзæнæй дуйнеуон конкурс «Нæ еудзийнадæй ан хъаурæгин».

Конкурс арæзт æрцæудзæнæй Еугуæрæсеуон музыкалон проект «Мах ан нæ Устур Фидибæсти еузæрдиуон хъæболтæ»-йи фæлгæти æма баст æй Уæрæсей Федераций сæйрагдæр паддзахадон бæрæгбæнттæй еу – адæмон Еудзийнади бони хæццæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма, нурикон санитарон-эпидемиологон уавæри фудæй конкурс исаразуни фæткитæмæ хаст æрцудæй æййивддзийнадтæ – еугур мадзæлттæ дæр цæудзæнæнцæ онлайн-фæткæмæ гæсгæ.

Конкурси сæйрагдæр нисантæ æнцæ адæмон аййевадон исфæлдистади хæзнатæ багъæуай кæнун æма парахат кæнун, Уæрæсей Федераци æма Хуæдбарæ Паддзахæдти Æмхæларади бæстити адæмти медастæу культурон бастдзийнадтæ æнгомдæр æма гъомусгиндæр кæнун.

Аци исфæлдистадон ериси арæхстдзийнадæй ерис кæндзæнæнцæ цалдæр номинациеми, зæгъæн, хореографи, зар, аййевадон дзурд æма уотæ идарддæр.

Конкурси архайуни барæ райсуни фæдбæл курдиæдтæ бадæттæн ес 2020 анзи 1 ноябри уæнгæ. Мадзали туххæй еугур хабæрттæ бæлвурддæрæй базонæн ес Уæрæсей культурæ æма аййевæдти косгути исфæлдистадон Цæдеси официалон сайти.

## ЗОНУЙНАГ

## ЛИТЕРАТУРОН ПРЕМИ «БОЛÆМÆРГЪ»

***Республикæ Хонсар Иристони Минæварадæ Уæрæсей Федераций æма æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Стройцентр» раседтæнцæ аллианзон литературон преми «Болæмæргъ» райсуни фæдбæл радон конкурс.***

Премий секретариат куд фегъосун кодта, уотемæй конкурси архайунмæ бавдæсæн ес романтæ, уацаутæ, радзурдтæ æмдзæвгитæ, æма литературон исфæлдистади иннæ хузтæ.

Конкурси архайуни фадуат ес, 14 анземæй 41 анзей уæнгæ кæбæл цæуй, еугур еци адæмæн.

Ирон æвзагбæл финст уадзимисти авторти 'хсæн байуардзæнæнцæ æртæ премий: фиццаг – 60 мин соми, дуккаг – 40 мин соми æма æртиккаг – 30 мин соми.

Уомæй уæлдай, литературон преми «Болæмæргъ» иснисан кæнунбæл фонд анзи ке æнхæст кæнуй, еци зæрдæбæлдарæн цауи кадæн организацион комитет æ унаффи конкурси уагæвæрдмæ бахаста уруссаг æвзагбæл финст уадзимисти номинаци дæр. Аци номинацимæ бавдæсæн ес аллихузон литературон жанрти финст уадзимистæ.

Номинаций нисангонд æрцудæй еу премии 60 мин соми.

Литературон преми «Болæмæргъ» райсунитуххæйконкурсиархайуни фæдбæл еугур фарстатæ дæр исбæлвурд кæнæн ес, секретариатмæ бадзоргæй (æ телефон: **+7 (495) 644-27-57**, факс: **+7 (495) 644-27-58**).


# ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ.**
**(ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)**




**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**



**Дигорæ**

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@rambler.ru
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**
**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№2210.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 20.10.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**